



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-640

Sijè: FILME NAN BILDING LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 15 jen 2009

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase CR A-640 ki gen dat 26 oktòb 1998.

Chanjman:

Yo fè mizajou nan regleman sa a pou l:

- refilete regleman ak òganizasyon aktyèl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE).
- klarifye ke pwosedi ki la yo aplike pou toulede pwojè yo film ak fotografi.
- klarifye Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations) dwe apwouve dabò demand yo.
- sijere fòm konsantman ak kontra lokal nòm NYCDOE dwe egzekite avan tout pwojè film oswa fotografi.



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-640

Sijè: FILME NAN BILDING LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 15 jen 2009

REZIME

Tout demand ki soti nan men pwodikte film, emisyon televizyon, piblisite, pwogram jounal, oswa aktyalite dokimantè sou film, fotografi, oswa anrejistreman imaj oswa vwa nan lekòl yo, nan lakou rekreyasyon lekòl oswa lòt kote

Yo dwe konsidere pwopriyete NYCDOE "Department") kòm Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations). Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya a se sèl biwo ki gen otorite pou bay oswa refize demand sa yo.

Yo fòmèlman entèdi fè film oswa piblisite ki la pou fè pwofi.

I. PROSEDI POU KONSIDERASYON DEMAND POU LÒT ÒGANIZASYON KI PA LAPRÈS FILME OSWA FOTOGRAFYE NAN BILDING LEKÒL LA

- A. Pwodiktè oswa moun k ap fè film, show televizyon, piblisite, pwogram jounal, oswa nouvel dokimantè (yo konsidere tout ansanm kòm "Pwodiktè") dwe fè demand pou filme oswa fotografye nan lekòl oswa lòt bilding lekòl yo alekri nan Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations).
- B. Pwodiktè a dwe voye yon rezime istwa fim lan alekri. Si istwa a gen rapò patikilyèman avèk Depatman an, elèv oswa anplwaye li yo, Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations) rezève dwa l pou gade kontni final eskript la (film la). Tout otorizasyon pou pase film lan depann sèlman de Depatman an.
- C. Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations) pral pale avèk direktè an, Biwo avoka jeneral la (Office of the General Counsel), ak lòt manm estaf apwopriye a pou egzamine demand lan pou fè film oswa pran foto nan bilding lekòl yo.
- D. Tout pwojeksyon film oswa fotografi pa dwe deranje enstriksyon elèv yo. Yo dwe fè bon jan efò pou limite pwojeksyon film oswa fotografi nan moman kote yo pa pwograme klas ak peryòd egzamen. Depatman an ka, nan nenpòt moman, kanpe oswa sispann pase yon film dapre jijman rezonab li, ke sa a ap deranje oswa afekte enstriksyon elèv lan.

- E. Yo pral otorize filme oswa fotografiye nan bilding lekòl pandan lè lekòl ap fonksyone sèlman avèk apwobasyon alekri direktè an.
- F. Kote yo bezwen plis pase yon bilding Depatman pou yon pwodiksyon, yo pral mande yon otorizasyon ak yon pèmi endividyèl pou chak bilding. Ekip k ap fè film lan pa ka itilize apwobasyon pou pase film lan nan yon lokal pou ale nan yon lòt lokal Depatman an.
- G. Lè bilding Depatman an se yon lokal yo pataje (de oswa twa lekòl ki nan bilding lan), yo ap mande chak direktè otorizasyon pou elèv yo ak pwofesè yo patisipe nan pwojeksyon film lan. Ekip k ap filme an pa ka itilize konsantman yon lekòl nan yon bilding pou filme tout lòt lekòl nan bilding lan. Pwodiktè an dwe avèti tout direktè nan bilding lan davans sou kantite fwa ak dat, ansanm avèk kote y ap fè film lan.
- H. Responsablite pou rekrute estaf pwodiksyon an ak chwa lokal la se obligasyon eksklizif Pwodiktè an.
- I. Yo pa ka filme oswa fotografiye okenn elèv oswa anplwaye Depatman an sofsi yo gen otorizasyon alekri klè direktè an ak, anplis, anplwaye Depatman an, paran oswa responsab elèv lan respektivman. Biwo avoka jeneral la dwe apwouve tout fòm konsantman davans pou pase film lan. Yo dwe limite itilizasyon tout film oswa fotografi ak yon pwojè patikilye ak pwomosyon film lan. Si yon Pwodiktè anboche kèk elèv pou patisipe nan pwodiksyon k ap fèt avan oswa apre orè nòmal lekòl la, andeyò aktivite lekòl la esponsorize oswa ki pa gen rapò avèk Depatman an, aranjman pou konpansasyon ak otorizasyon an dwe fèt dirèkteman ant Pwodiktè a ak paran oswa responsab elèv la.
- J. Yo pral mande pou pwojè film lan oswa fotografi an benefisyè lekòl la ak elèv li yo, tankou bay don lajan oswa ekipman lekòl pou objektif pedagojik, dispozisyon pou estaj enteresan oswa pwojè ankadreman k ap kontinye pou elèv yo, mete disponib pou elèv yo konferansye sou pwodiksyon film nan yon pwogram ann asanble, fè yon aktè (vedèt sinema) vizite lekòl la, etc. Anplis, pou pwojè dokimantè sou Depatman an, elèv oswa anplwaye li yo, Depatman an rezève dwa pou negosye yon redevans pou Depatman an si dokimantè a gen lisans ki komèsyal oswa distribye.
- K. Lè Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations) bay konsantman li, yon Pwodiktè dwe jwenn otorizasyon nesèsè a nan men gadyen bilding lan pou itilize l epi dwe peye frè aplikab ki gen ladan frè ouvèti, sou yon echèl mobil ak ilimite ki gen rapò avèk objektif pwodiksyon an, avèk film yo bay fakti davans. Yo ka konsidere pou elimine frè pou antrepriz ki pa gen bi pou fè pwofi ak lekòl sinema yo deziye yo. Anplis, yon Pwodiktè dwe peye frè pou itilizasyon bilding lekòl lan tankou yon zòn atant ak yon ekip k ap fèfim. Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations) avèk medya yo nan rapò avèk direktè an dwe bay otorizasyon pou itilizasyon yon bilding lekòl tankou yon zòn atant. Chak pèmi valab sèlman pou peryòd orijinal la ki

- garanti a.
- L. Yon Pwodiktè dwe gen ladan Depatman an ak Vil Nouyòk la kòm yon fòm asirans siplemantè nan yon plan asirans ki gen responsablite sivil oswa komèsyal pou yon montan minimòm yon milyon dola (\$1,000,000.00). Nan kèk ka patikilye yo, yo mande yon montan anplis si Biwo avoka jeneral la rekòmande sa a.
 - M. Pwodiktè a ak yon reprezantan Depatman an dwe siyen Akò Lokal nòm Depatman an davans pou fè film. Yo ka modifye Akò Lokal (Location Agreement) sèlman avèk konsantman alekri ki soti nan Biwo avoka jeneral la (Office of the General Counsel).
 - N. Pa pral gen idantifikasyon lekòl la oswa itilizasyon non lekòl la oswa Depatman Edikasyon Vil Nouyòk" nan pwojeksyon film oswa fotografi amwenske yo bay pèmision klè nan Akò lokal la ke Pwodiktè a ak Depatman an siyen avan pwojeksyon film lan.
 - O. Yo pral mande Pwodiktè a pou aksepte tout regleman sekirite nesèsè sou pwopriyete Depatman an, ki gen ladan sa k nan Depatman an, Vil Nouyòk, ak tout lòt sa yo jije aplikab yo. Nan frè Pwodiktè an, Direktè a ka mande Estaf Sekirite nan lekòl Vil Nouyòk la pou garanti sekirite anplis pou pwòp sekirite Pwodiktè an tou.
 - P. Yo pa pral otorize pou filme piblisite nan lekòl yo amwenske piblisite a kreye pou yon anons sèvis piblik oswa pou benefis Depatman an tankou yon kanpay pou fè rekritman pwofesè. Yo dwe defini piblisite komèsyal tankou tout pwojeksyon film pou piblisite, politik oswa objektif pou fè pwomosyon, kèlkeswa pou pwofi oswa pa pou fè pwofi.
 - Q. Filme oswa fotografye elèv ak anplwaye Depatman an dapre sèvis yo te founi, tankou yon videyo trening pou lekòl yo itilize, oswa pou objektif art oswa edikasyon, egzije otorizasyon alekri ni Biwo kominikasyon ni relasyon medya (Office of Communications and Media Relations) ni direktè a anplis paran an oswa responsab Depatman an respektivman. Yo pa ka filme oswa fotografye anplwaye ak elèv Depatman an pou yon andòsman komèsyal.

II. PWOSEDI POU KONSIDERASYON DEMAND POU LAPRÈS FILME OSWA FOTOGRAFYE NAN BILDING LEKÒL LA

- A. Yo dwe adrese tout demand ki soti bòkote medya, pwodiktè, ak jounalis pou filme nan lekòl yo pou rasanble enfòmasyon nouwèl woutin (filme, fotografye, oswa bay entèvyou) bay Biwo kominikasyon ak relasyon medya (Office of Communications and Media Relations). Òganizasyon medya, pwodiktè, ak repòtè dwe jwenn otorizasyon direktè a apresa. Si yo dwe filme elèv, òganizasyon medya, pwodiktè ak repòtè dwe resevwa fòm otorizasyon elèv (ki disponib nan sit wèb Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya a (Office of Communications and Media Relations) ke paran oswa responsab lan siyen. Yo pa dwe deranje enstriksyon elèv lan.
- B. Pwogram dokimantè oswa jounal dwe suiv pwosedi ki nan Seksyon I an.

III. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo Kominikasyon ak Relasyon Medya (Office of Communications and Media Relations)

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-5141

Faks: 212-374-5584